MAKTABGACHA VA MAKTAB TA'LIMI VAZIRLIGI

PEDAGOGIK MAHORAT VA XALQARO BAHOLASH ILMIY-AMALIY MARKAZI

Respublika Ta'lim Markazi

2025-2026-OQÍW JÍLÍNDA

ULÍWMA ORTA BILIM BERIW MEKTEPLERINIŃ

# 9-KLASS

OQÍWSHÍLARÍ USHÍN

# ANA TILI HÁM ÁDEBIYATÍ

PÁNINEN JUWMAQLAWSHÍ ATTESTACIYASÍN ÓTKERIW BOYÍNSHA METODIKALÍQ USÍNÍS HÁM MATERIALLAR

# 2025-2026-OQÍW JÍLÍNDA ULÍWMA BILIM BERIW HÁM QÁNIGELESTIRILGEN MEKTEPLERDIŃ 9-KLASS OQÍSHÍLARÍ USHÍN ANA TILI HÁM ÁDEBIYATÍ PÁNLERINEN JUWMAQLAWSHÍ IMTIXANDA PAYDALANÍLATUǴÍN TEST TAPSÍRMALARÍ SPECIFIKACIYASÍ

Specifikaciya ulıwma bilim beriw hám qánigelestirilgen mekteplerdiń 9-klass oqıwshılarınıń ana tili hám ádebiyatı páninen bilim, kónlikpe hám kompetenciyaların bahalawda paydalanılatuǵın test tapsırmalarınıń mazmunı, dúzilisi, túri, forması, bahalaw kriteriyası hám ótkeriliw tártibine qoyılǵan talaplardı sáwlelendiredi.

## I. Ulıwmalıq principler

Bahalaw maqseti – 9-klass oqıwshılarınıń ana tili hám ádebiyatı pánlerinen bilim, kónlikpe hám kompetenciyaların ámeldegi baǵdarlamalarda belgilengen oqıw maqsetleri tiykarında kompleksli bahalaw. Usı bahalaw nátiyjeleri tiykarında 9-klaslar ushın juwmaqlawshı mámleketlik attestaciyasında qabıl etiletuǵın qararlar tiykarlanǵan (valid) bolıwın támiyinlew maqsetinde bahalawda validlik, isenimlilik, ádalat hám ashıq-áshkaralıq principlerine boysınılıwı támiyinlenedi.

## II. Normativlik tiykarlar

1. Ózbekstan Respublikası Xalıq bilimlendiriw ministriniń 2008-jıl 4-marttaǵı 56-sanlı buyrıǵı menen tastıyıqlanǵan Ulıwma orta bilim alıwshılardıń juwmaqlawshı mámleketlik attestaciyası haqqındaǵı nızam
2. Ana tili hám ádebiyatı pánlerinen 5–9-klaslar ushın ámeldegi oqıw baǵdarlaması.
3. Ózbekstan Respublikası Mektepke shekemgi hám mektep bilimlendiriwi ministriniń 2026-jıl “2025-2026-oqıw jılında ulıwma orta bilim beriw mákemelerinde oqıwshılardıń juwmaqlawshı mámleketlik attestaciyasın shólkemlestiriw hám ótkeriw haqqında”ǵı 10-sanlı buyrıǵı

## III. Bahalaw dúzilisi hám ajıratılǵan waqıt

Ana tili hám ádebiyat pánleriniń biliw dárejesin anıqlaw boyınsha juwmaqlawshı mámleketlik attestaciya sınaǵında jámi 10 test variantı usınıladı.

Hárbir varianttıń soraw hám tapsırmaları pán kesiminde bolıp, ulıwma bilim beriw mektepleriniń orfoepiya hám orfografiya, punktuaciya, lingvistikalıq tallaw, tekstti túsiniw, sonday-aq, milliy, jáhán ádebiyatı hám ádebiyat teoriyası sıyaqlı mazmun tarawların qamtıp alǵan. Usınısta biliw, qollanıw hám pikirlew kognitiv iskerligine tiyisli tapsırmalar boyınsha bahalaw kriteriyaları keltirilgen.

Hárbir variantta oqıwshıǵa 10 tapsırmalı (6 ana tili, 4 ádebiyat) soraw beriledi. Tapsırmalardan 3 tapsırma (2 ana tili, 1 ádebiyat) biliwge, 5 tapsırma (3 ana tili, 2 ádebiyat) qollanıwǵa, 2 tapsırması (1 ana tili hám 1 ádebiyat) pikirlewge tiyisli boladı.

Juwmaqlawshı mámleketlik attestaciya sınaqları ushın **120 minut** waqıt berilgen.

## IV. Kognitiv kónlikpe hám bólimler boyınsha bólistiriliwi

| Biliw (B) | | Qollanıw (Q) | | Pikirlew (P) | | Ulıwma ball |
|---|---|---|---|---|---|---|
| **sanı** | **ball** | **sanı** | **ball** | **sanı** | **ball** | |
| **Ana tili** | | | | | | |
| 2 | 5 baldan (10 ball) | 3 | 20 baldan (60 ball) | 1 | 30 ball | **100 ball** |
| **Ádebiyat** | | | | | | |
| 1 | 10 ball | 2 | 25 baldan (50 ball) | 1 | 40 ball | **100 ball** |

## V. Bahalanatuǵın mazmun tarawı bilim, kónlikpe hám kompetenciyalar, tapsırma túri, kognitiv process hám bahalaw kriteriyaları

| Mazmun tarawı | Soraw tártip nomeri | Konstruktlar | Kognitiv dárejesi | Bahalaw kriteriyası |
|---|---|---|---|---|
| **Ana tili** | | | | |
| **Orfoepiya hám orfografiya** | 1 | *orfoepiya hám orfografiyadaǵı qarama-qarsılıqlardı anıqlay alıw* | B | 5 ball |
| **Punktuaciya** | 2 | *jazıwda irkilis belgilerin (soraw, úndew, kóp noqat; útir, sızıqsha, qos noqat; noqatlı útir, qawıs, tırnaqsha) durıs paydalana alıw* | B | 5 ball |
| **Leksikologiya** | 3 | *sóz hám turaqlı dizbeklerdiń mánisin túsiniw hám olardı qollana alıw* | Q | 20 ball |
| **Morfologiya** | 4 | *tekst (gáp, sóz)ti házirgi qaraqalpaq ádebiy tili morfemalıq hám morfologiyalıq normaları tiykarında talqılaw* | Q | 20 ball |
| **Sintaksis** | 5 | *tekstti házirgi qaraqalpaq ádebiy tili sintaksislik normaları tiykarında talqılaw* | Q | 20 ball |
| **Tekstti túsiniw** | 6 | *tekst mazmunı boyınsha durıs pikirley alıw* | P | 30 ball |
| **Jámi** | | | | **100 ball** |
| **Ádebiyat** | | | | |
| **Jáhán ádebiyatı** | 7 | *ulıwma orta bilimlendiriw baǵdarlamasına kirgizilgen jáhán ádebiyatında áhmiyetli orın iyelegen avtorlar dóretiwshiligin biliw hám* | B | 10 ball |

| | | | | |
|---|---|---|---|---|
| | | *shıǵarmaların túsiniw* | | |
| **Milliy ádebiyat** | 8 | *ulıwma orta bilimlendiriw baǵdarlamasına kirgizilgen qaraqalpaq ádebiyatı wákilleriniń dóretiwshilik úlgilerin túsiniw* | Q | 25 ball |
| | 9 | *ulıwma orta bilimlendiriw baǵdarlamasına kirgizilgen shıǵıs ádebiyatı wákilleriniń dóretiwshilik úlgilerin túsiniw* | Q | 25 ball |
| | 10 | *ádebiy úzindi mazmunın talqılaw* | P | 40 ball |
| **Jámi** | | | | **100 ball** |

## VI. Baldı bahaǵa aylandırıw tártibi

| Ball (%) | Baha | Túsindirmesi |
|---|---|---|
| 0 – 29 | “2” | “qanaatlanarsız” |
| 30 – 65 | “3” | “qanatlanarlı” |
| 66 – 85 | “4” | “jaqsı” |
| 86 – 100 | “5” | “ayrıqsha” |

## VII. Sınaq procesine qoyılatuǵın talaplar

*Qadaǵan etilgen qurallar:* imtixan waqtında mobil telefon, aqıllı saat, planshet yaki esletpelerden paydalanıw qatań qadaǵan etiledi.

*Tártip hám intizam:* nusqa kóshiriw, járdem soraw yaki járdem beriw, imtixan dawamında sóylesiw, ruqsatsız shıǵıw sıyaqlı jaǵdaylar qadaǵan etiledi.

Baqlawshı qaǵıyda buzılıwın anıqlaǵanda, akt dúzip, tıńlawshını testten shetlestiredi hám nátiyjesi biykarlanadı.

## VIII. Usınıs etiletuǵın tiykarǵı ádebiyatlar

### Ana tili

5-klass. Qaraqalpaq tili. E.Berdimuratov hám b. Nókis “Bilim”, 2020.

6-klass. Ana tili. G.S. Patullaeva, S.R. Kadirimbetova. Tashkent – 2022.

7-klass. Ana tili. M.Dáwletov, Z.Ismaylova, Z.Kazimbetova. Tashkent – 2022.

8-klass. Qaraqalpaq tili. M.Dáwletov hám b. Nókis “Bilim”, 2019.

9-klass. Qaraqalpaq tili. Z.M.Kazimbetova, X.Y.Tolıbayev, R.A.Niyetova, S.S.Toremuratova. Tashkent – 2025.

### Ádebiyat

5-klass. Ádebiyat. P.Nurjanov hám b. Nókis “Bilim”, 2020.

6-klass. Ádebiyat. Q.Orazımbetov, B.Genjemuratov, G.Begmuratova. Tashkent – 2022.

7-klass. Ádebiyat. R.Niyetova, I.Mámbetov, G.Jaqsımova. Tashkent – 2022.

8-klass. Ádebiyat. K.Mámbetov hám b. Nókis “Bilim”, 2019.

9-klass. Ádebiyat. K.Palımbetov, Z.Bekbergenova, S.Kadirimbetova, D.Nurseytov. Tashkent – 2025.

## 1-soraw

**1. (Orfografiya hám orfoepiya B – 5 ball)** Qospa sózlerdiń jasalıw ózgesheliklerine qaray túrlerine 3 mısaldan keltiriń.
A) birikken sóz ____________________________________________________
B) dizbekli sóz ____________________________________________________
C) jup sóz ________________________________________________________
D) qısqarǵan sóz __________________________________________________

**2. (Orfografiya hám orfoepiya B – 5 ball)** Tómendegi qabatlasqan dawıssızlarǵa 1 mısaldan keltiriń hám tabıs, barıs sepliginde sepleń.
A) -kt; sóz: _________________ sepliklerde:______________________________
B) -nk; sóz: _________________ sepliklerde:______________________________
C) -mn; sóz: ________________ sepliklerde:______________________________
D) -st; sóz: _________________ sepliklerde:______________________________

**3. (Orfografiya hám orfoepiya B – 5 ball)** Tómendegi qabatlasqan dawıssızlarǵa 1 mısaldan keltiriń hám tabıs, barıs sepliginde sepleń.
A) -ng; sóz: _________________ sepliklerde:______________________________
B) -zd; sóz: _________________ sepliklerde:______________________________
C) -rk; sóz: _________________ sepliklerde:______________________________
D) -kt; sóz: _________________ sepliklerde:______________________________

**4. (Orfografiya hám orfoepiya B – 5 ball)** Tómendegi ólshem birlikleriniń qısqartılǵan formaların jazıń hám olarǵa gáp qurań.
A) millilitr – ____
Gáp:_______________________________________________________________
B) minut – ____
Gáp:_______________________________________________________________
C) saat – ____
Gáp:_______________________________________________________________
D) sentner – ____
Gáp:_______________________________________________________________

**5. (Orfografiya hám orfoepiya B – 5 ball)** Tómendegi berilgen sózlerdi dúzetip jazıń hám olarǵa gáp qurań.
A) ekspanat – _________
Gáp:_______________________________________________________________
B) mogistral – _________
Gáp:_______________________________________________________________
C) ekspedisiya – ________
Gáp:_______________________________________________________________
D) arnitolog – _______
Gáp:_______________________________________________________________

**6. (Orfografiya hám orfoepiya B – 5 ball)** Tómendegi berilgen sózlerdi dúzetip jazıń hám olarǵa gáp qurań.
A) tavar – _________
Gáp:______________________________________________________________
B) texnalogiya – _________
Gáp:______________________________________________________________
C) git – ________
Gáp:______________________________________________________________
D) vidyomaterial – ________
Gáp:______________________________________________________________

**7. (Orfografiya hám orfoepiya B – 5 ball)** Berilgen qabatlasqan dawıssız sesler qollanılatuǵın sózlerge 3 mısaldan keltiriń.
A) qabatlasqan mm ____________________________________________________
B) qabatlasqan ss ____________________________________________________
C) qabatlasqan rr_____________________________________________________
D) qabatlasqan tt _____________________________________________________

**8. (Orfografiya hám orfoepiya B – 5 ball)** Tómendegi berilgen sózlerdi dúzetip jazıń hám olarǵa gáp qurań.
A) áwlat – _________
Gáp:______________________________________________________________
B) arxiolok – _________
Gáp:______________________________________________________________
C) pedagok – ________
Gáp:______________________________________________________________
D) gúwón – ________
Gáp:______________________________________________________________

**9. (Orfografiya hám orfoepiya B – 5 ball)** Tómendegi berilgen sózlerdi dúzetip jazıń hám olarǵa gáp qurań.
A) qıyratba – _________
Gáp:______________________________________________________________
B) 21-ásir – _________
Gáp:______________________________________________________________
C) audyo – ________
Gáp:______________________________________________________________
D) ańzaq – ________
Gáp:______________________________________________________________

**10. (Orfografiya hám orfoepiya B – 5 ball)** Tómendegi berilgen sózlerdi dúzetip jazıń hám olarǵa gáp qurań.
A) diyxan – _________
Gáp:______________________________________________________________
B) jibopis – _________

Gáp:____________________________________________________________

C) favrika – ________

Gáp:____________________________________________________________

D) peyjaz – ________

Gáp:____________________________________________________________

## 2-soraw

**1. (Punktuaciya B – 5 ball)** Berilgen gápke túsirilgen irkilis belgilerin durıs qoyıń.

Orınbay Tóreniyazov «Oqıwdı pitkerip awılǵa barsam meniń sızǵan jobalarım menen iri-iri arxitekturalıq ansambller salınadı» dedi isenimli túrde.

______________________________________________________________________

______________________________________________________________________

**2. (Punktuaciya B – 5 ball)** Berilgen gápke túsirilgen irkilis belgilerin durıs qoyıń.

«Arxitektorlıq kásipti meńgeriw ushın dedi kásiplesi súwret salıw sheberligiń júdá alıq bolıwı zárúr».

______________________________________________________________________

______________________________________________________________________

**3. (Punktuaciya B – 5 ball)** Berilgen gápke túsirilgen irkilis belgilerin durıs qoyıń.

Qáne balalar berilgen úsh kartinada xudojnik neni súwretlegen

______________________________________________________________________

______________________________________________________________________

**4. (Punktuaciya B – 5 ball)** Berilgen gápke túsirilgen irkilis belgilerin durıs qoyıń.

Usı waqıtlar ishinde úyde birqansha jańalıqlar boldı sıyır tuwdı al shaqlı qara qoy egiz qozı tuwdı qozılarınıń birewi qara ekinshisi aq.

______________________________________________________________________

______________________________________________________________________

**5. (Punktuaciya B – 5 ball)** Berilgen gápke túsirilgen irkilis belgilerin durıs qoyıń.

Kempir bolsa balanı erkeletip Yapırmay bunıń kóziniń kórgishligin-ay dep qoydı.

______________________________________________________________________

______________________________________________________________________

**6. (Punktuaciya B – 5 ball)** Berilgen gápke túsirilgen irkilis belgilerin durıs qoyıń.

Ol sál úndemey turdı da qaptalındaǵı járdemshilerine buyırıp Nege ańırayıp tursań Xodla motordı

______________________________________________________________________

______________________________________________________________________

**7. (Punktuaciya B – 5 ball)** Berilgen gápke túsirilgen irkilis belgilerin durıs qoyıń.

Mine kóldiń bergi jaǵındaǵı oqıwshılar lageri áne kún batısta Sorsha mazarstanlıǵı al joldıń shıǵısı aeroport...

______________________________________________________________________

____________________________________________________________________

**8. (Punktuaciya B – 5 ball)** Berilgen gápke túsirilgen irkilis belgilerin durıs qoyıń.

Torı Aqboz Ayqasqa qullası bári de tabılıp atır.

______________________________________________________________________

____________________________________________________________________

**9. (Punktuaciya B – 5 ball)** Berilgen gápke túsirilgen irkilis belgilerin durıs qoyıń.

Jayhun bul tábiyattıń sawǵası onı húrmetlew abaylap saqlaw kerek.

______________________________________________________________________

____________________________________________________________________

**10. (Punktuaciya B – 5 ball)** Berilgen gápke túsirilgen irkilis belgilerin durıs qoyıń.

Mektep ushın altı qanat úy berip qoyıppan erteń tiktirip beremen dedi gápti shorta kesip.

______________________________________________________________________

____________________________________________________________________

# 3-soraw

**1. (Leksikologiya Q – 20 ball)** Berilgen leksikalıq birliklerge 3 mısaldan mısal keltiriń hám birewine gáp qurań.

A) óz tilimizde jasalǵan neologizm (mısal – ________________________________)

Gáp: ______________________________________________________________

B) ózlestirilgen neologizm (mısal – ________________________________________)

Gáp: ______________________________________________________________

C) arqa dialektke tiyisli sóz (mısal – ______________________________________)

Gáp: ______________________________________________________________

D) qubla dialektke tiyisli sóz (mısal – ____________________________________)

Gáp: ______________________________________________________________

**2. (Leksikologiya Q – 20 ball)** Berilgen turaqlı sóz dizbekleriniń mánisin jazıń hám olarǵa gáp qurań.

A) ala jipti kesisiw (mánisi – ____________________________________________)

Gáp: ______________________________________________________________

B) qara suw (mánisi – ___________________________________________________)

Gáp: ______________________________________________________________

C) iyt ólgen jer (mánisi – ________________________________________________)

Gáp: ______________________________________________________________

D) júzikke qas qondırǵanday (mánisi – ______________________________________)

Gáp: ____________________________________________________________

**3. (Leksikologiya Q – 20 ball)** Berilgen turaqlı sóz dizbekleriniń mánisin jazıń hám olarǵa gáp qurań.
A) qulaq salıw (mánisi – ____________________________________________)
Gáp: ____________________________________________________________
B) awzı ashıq (mánisi – _____________________________________________)
Gáp: ____________________________________________________________
C) ot bası (mánisi – _________________________________________________)
Gáp: ____________________________________________________________
D) kóz ushında (mánisi – _____________________________________________)
Gáp: ____________________________________________________________

**4. (Leksikologiya Q – 20 ball)** Berilgen leksikalıq birliklerge 3 mısaldan mısal keltiriń hám birewine gáp qurań.
A) diyqanshılıqqa tiyisli kásiplik sóz (mısal – ___________________________)
Gáp: ____________________________________________________________
B) sharwashılıqqa tiyisli kásiplik sóz (mısal – __________________________)
Gáp: ____________________________________________________________
C) balıqshılıqqa tiyisli kásiplik sóz (mısal – ___________________________)
Gáp: ____________________________________________________________
D) ónermentshilikke tiyisli kásiplik sóz (mısal – ________________________)
Gáp: ____________________________________________________________

**5. (Leksikologiya Q – 20 ball)** Berilgen leksikalıq birliklerge 3 mısaldan mısal keltiriń hám birewine gáp qurań.
A) neologizm sóz (mısal – ___________________________________________)
Gáp: ____________________________________________________________
B) gónergen sóz (mısal – ____________________________________________)
Gáp: ____________________________________________________________
C) termin sóz (mısal – _______________________________________________)
Gáp: ____________________________________________________________
D) dialektlik sóz (mısal – ____________________________________________)
Gáp: ____________________________________________________________

**6. (Leksikologiya Q – 20 ball)** Berilgen leksikalıq birliklerge 2 juplıqtan mısal keltiriń hám birewine gáp qurań.
A) sinonimlik qatar (mısal – __________________________________________)
Gáp: ____________________________________________________________
B) antonimlik qatar (mısal – __________________________________________)
Gáp: ____________________________________________________________
C) omonimlik qatar (mısal – __________________________________________)
Gáp: ____________________________________________________________
D) paronimlik qatar (mısal – __________________________________________)
Gáp: ____________________________________________________________

**7. (Leksikologiya Q – 20 ball)** Berilgen leksikalıq birliklerge 3 mısaldan mısal keltiriń hám birewine gáp qurań.
A) lingvistikalıq termin (mısal – ________________________________________)
Gáp: ________________________________________________________________
B) matematikalıq termin (mısal – ______________________________________)
Gáp: ________________________________________________________________
C) geografiyalıq termin (mısal – ________________________________________)
Gáp: ________________________________________________________________
D) biologiyalıq termin (mısal – _________________________________________)
Gáp: ________________________________________________________________

**8. (Leksikologiya Q – 20 ball)** Berilgen leksikalıq birliklerge 3 mısaldan mısal keltiriń hám birewine gáp qurań.
A) túpkilikli sózler (mısal – ____________________________________________)
Gáp: ________________________________________________________________
B) ózlestirme sózler (mısal – __________________________________________)
Gáp: ________________________________________________________________
C) gónergen sózler (mısal – ____________________________________________)
Gáp: ________________________________________________________________
D) neologizmler (mısal – _______________________________________________)
Gáp: ________________________________________________________________

**9. (Leksikologiya Q – 20 ball)** Berilgen leksikalıq birliklerge 1 mısaldan mısal keltiriń hám birewine gáp qurań.
A) frazeologiyalıq birlik (mısal – _______________________________________)
Gáp: ________________________________________________________________
B) frazeologiyalıq dizbek (mısal – ______________________________________)
Gáp: ________________________________________________________________
C) frazeologiyalıq ótlesiw (mısal – _____________________________________)
Gáp: ________________________________________________________________
D) frazeologiyalıq sóz (mısal – _________________________________________)
Gáp: ________________________________________________________________

**10. (Leksikologiya Q – 20 ball)** Berilgen leksikalıq birliklerge 1 mısaldan mısal keltiriń hám birewine gáp qurań.
A) atlıq mánili frazeologizm (mısal – ____________________________________)
Gáp: ________________________________________________________________
B) feyil mánili frazeologizm (mısal – ____________________________________)
Gáp: ________________________________________________________________
C) kelbetlik mánili frazeologizm (mısal – _________________________________)
Gáp: ________________________________________________________________
D) ráwish mánili frazeologizm (mısal – ___________________________________)
Gáp: ________________________________________________________________

# 4-soraw

**1. (Morfologiya Q – 20 ball)** Berilgen tapsırmalardı orınlań.
A) Kelbetlik + kelbetlik formasındağı birikken kelbetlikke mısal keltiriń hám gáp qurań.

B) Kelbetlik + atlıq formasındağı birikken kelbetlikke mısal keltiriń hám gáp qurań.

**2. (Morfologiya Q – 20 ball)** Berilgen tapsırmalardı orınlań.
A) I bet birlik sanda menshikli atlıqtı betleń hám gáp qurań.

B) II bet kóplik sanda ǵalabalıq atlıqtı betleń hám oǵan gáp qurań.

**3. (Morfologiya Q – 20 ball)** Berilgen tapsırmalardı orınlań.
A) Ashıq túrde jalǵanǵan tabıs sepligindegi atlıq sózge gáp qurań.

B) Jasırın túrde jalǵanǵan tabıs sepligindegi atlıq sózge gáp qurań.

**4. (Morfologiya Q – 20 ball)** Berilgen tapsırmalardı orınlań.
A) Haqıyqıy tańlaq sózdi gáptiń basında keltirip gáp qurań.

B) Basqa sóz shaqaplarınan tańlaqqa ótken sózlerdi sóz-gáp sıpatında keltirip gáp qurań.

**5. (Morfologiya Q – 20 ball)** Berilgen tapsırmalardı orınlań.
A) Salıstırıw dárejeli qatnaslıq kelbetlikke mısal keltiriń hám gáp qurań.

B) Arttırıw dárejeli sapalıq kelbetlikke mısal keltiriń hám gáp qurań.

**6. (Morfologiya Q – 20 ball)** Berilgen qospa atlıqlarǵa 3 mısaldan mısal jazıń hám gáp qurań.
A) Hárbir sózdiń bas háribin alıw jolı menen qısqartılǵan atlıq:
Mısal:____________________________________________________________
Gáp:_____________________________________________________________

________________________________________________________________

B) Sózlerdiń dáslepki buwının alıw jolı menen qısqartılǵan atlıq:
Mısal:____________________________________________________________
Gáp:_____________________________________________________________

________________________________________________________________

**7. (Morfologiya Q – 20 ball)** Berilgen qospa atlıqlarǵa 3 mısaldan mısal jazıń hám gáp qurań.
A) Birinshi sózdiń dáslepki buwını, qalǵanlarınıń bas háripleriniń alınıw jolı menen qısqarǵan atlıq:
Mısal:____________________________________________________________
Gáp:_____________________________________________________________

________________________________________________________________

B) Birinshi sózdiń dáslepki buwını alınıp, sońǵı sózleri tolıq alınıw arqalı qısqarǵan atlıq:
Mısal:____________________________________________________________
Gáp:_____________________________________________________________

________________________________________________________________

**8. (Morfologiya Q – 20 ball)** Berilgen tapsırmalardı orınlań.
A) Atlıq + kelbetlik feyil formasındaǵı birikken kelbetlikke mısal keltiriń hám gáp qurań.

________________________________________________________________

________________________________________________________________

B) Atlıq + atlıq formasındaǵı birikken kelbetlikke mısal keltiriń hám gáp qurań.

________________________________________________________________

________________________________________________________________

**9. (Morfologiya Q – 20 ball)** Berilgen tapsırmalardı orınlań.
A) Ashıq túrde jalǵanǵan iyelik sepligindegi atlıq sózge gáp qurań.

________________________________________________________________

________________________________________________________________

B) Jasırın túrde jalǵanǵan iyelik sepligindegi atlıq sózge gáp qurań.

________________________________________________________________

________________________________________________________________

**10. (Morfologiya Q – 20 ball)** Berilgen tapsırmalardı orınlań.
A) I bet birlik sanda anıq atlıqtı tartımlań hám gáp qurań.

________________________________________________________________

________________________________________________________________

B) II bet kóplik sanda qıyalıy atlıqtı tartımlań hám oǵan gáp qurań.

# 5-soraw

**1. (Sintaksis Q – 20 ball)** Berilgen gápke sintaksislik tallaw isleń.

Bárekella, japtaǵı suw shıǵırdı qurǵanǵa raxmet!

A) Gáp aytılıw maqsetine qaray qaysı túrdegi gápke tiyisli?

B) Gápti jazıp, gáp aǵzalarınıń astın sızıń.

**2. (Sintaksis Q – 20 ball)** Berilgen gápke sintaksislik tallaw isleń.

Óz sózin áwele Erjan Serjanovtıń arzasın oqıwdan basladı.

A) Gáp feyil bir bas aǵzalı gáptiń qaysı túrine kiredi?

B) Gápti jazıp, gáp aǵzalarınıń astın sızıń.

**3. (Sintaksis Q – 20 ball)** Berilgen gápke sintaksislik tallaw isleń.

Úshinshiden, mámleket aqıl hám parasat arqalı basqarılıwı kerek.

A) Gáp bas aǵzalardıń qatnasına qaray gáptiń qaysı túrine kiredi?

B) Gápti jazıp, gáp aǵzalarınıń astın sızıń.

**4. (Sintaksis Q – 20 ball)** Berilgen gápke sintaksislik tallaw isleń.

Paydalanbaǵan ilim – miywesiz aǵash.

A) Gáp bas aǵzalardıń qatnasına qaray gáptiń qaysı túrine kiredi?

B) Gápti jazıp, gáp aǵzalarınıń astın sızıń.

**5. (Sintaksis Q – 20 ball)** Berilgen gápke sintaksislik tallaw isleń.

Quwanıshlısı, kóp jaǵdayda kisige qazǵan orına sumlıqlınıń ózi qulaydı.

A) Gáp zárúr aǵzalardıń qatnasına qaray gáptiń qaysı túrine kiredi?

B) Gápti jazıp, gáp aǵzalarınıń astın sızıń.

**6. (Sintaksis Q – 20 ball)** Berilgen gápke sintaksislik tallaw isleń.

Sonıń ushın bizge tuwǵan analarımız qanday qádirli bolsa, oynap-ósken watanımız da sonday qádirli.

A) Gáp dúzilisine qaray gáptiń qaysı túrine kiredi?

B) Gápti jazıp, gáp aǵzalarınıń astın sızıń.

**7. (Sintaksis Q – 20 ball)** Berilgen gápke sintaksislik tallaw isleń.

Jumısqa aralasqalı berli neler islep, nelerdi qoydım, onıń bárine esap bere almayman.

A) Gáp feyil bir bas aǵzalı gáptiń qaysı túrine kiredi?

B) Gápti jazıp, gáp aǵzalarınıń astın sızıń.

**8. (Sintaksis Q – 20 ball)** Berilgen gápke sintaksislik tallaw isleń.

Kósheniń shetine shekem júrip qaytqım keledi.

A) Gáp feyil bir bas aǵzalı gáptiń qaysı túrine kiredi?

B) Gápti jazıp, gáp aǵzalarınıń astın sızıń.

**9. (Sintaksis Q – 20 ball)** Berilgen gápke sintaksislik tallaw isleń.

— Jarań qalay? — dep soradı serjant. — hesh nárse emes.

A) Úzindide sóz-gáptiń qaysı túri qatnasqan?

B) Gápti jazıp, gáp aǵzalarınıń astın sızıń.

**10. (Sintaksis Q – 20 ball)** Berilgen gápke sintaksislik tallaw isleń.

Áttegenay! Mashina pitpey qaldı.

A) Úzindide sóz-gáptiń qaysı túri qatnasqan?

B) Gápti jazıp, gáp aǵzalarınıń astın sızıń.

# 6-soraw

**1. (Tekstti túsiniw P – 30 ball)** Tekstti oqıń hám tapsırmalardı orınlań.

Bir waqıtları dúnyadaǵı eń iri kólleriniń biri bolǵan, búgingi kúni bolsa qurıp baratırǵan Aral teńizin kóriw ushın hár jılı dúnyanıń túrli múyeshlerinen sayaxatshılar kelip atır. Nókiske derlik 400 kilometr aralıqtaǵı óli teńizge sayaxat eki kún waqıttı talap etedi. Bul ushın arnawlı jol tańlamaytuǵın transportlar kerek boladı. Bir transport penen jolǵa shıǵıw júdá qáwipli, sebebi teńizge alıp shıǵatuǵın Ústirt sahralarında adasıp qalıw múmkin, nabada usınday jaǵdayǵa túsip qalǵan waqıtta tawıp alıw da múshkil. Házirgi waqıtta teńiz jaǵasına sayaxatshılar ushın arnawlı otawlar qurılǵan.

Moynaqtaǵı «Ashıq aspan astındaǵı korabller muzeyi». Aral apatshılıǵınıń júzi Moynaqtaǵı tat basqan korabller arqalı kórinedi. 2000-jıllardıń baslarında-aq teńizdiń qurıp qalǵan maydanlarında 300 ge jaqın korabller bolǵan. Olardıń kópshiligi shıǵındı temir-tersek sıpatında buzıp jiberilgen. «Ashıq aspan astındaǵı korabller muzeyi» dep atalatuǵın usı orında házirgi waqıtta 11 korabl kórgizbege qoyılıp tur.

A) Sayaxatshılar ushın ne maqsette arnawlı otawlar qurılǵan?
B) Tat basqan korabller neni bildiredi?
C) Aral apatshılıǵınıń ekologiyamızǵa qanday tásiri bar?

A)

B)

C)

2. **(Tekstti túsiniw P – 30 ball)** Tekstti oqıń hám tapsırmalardı orınlań.

Reklama – kópshilik xabar quralları (televidenie, radio, gazeta, internet, plakat, banner hám t.b.) arqalı ámelge asatuǵın kommunikaciyanıń jetilisken túri. Reklamanıń túrleri júdá kóp: satıw ornındaǵı reklama, xabarlawshı reklama, sawda hám transport haqqındaǵı reklama, kóshe reklaması (plakat, afisha), awızsha reklama, baspa reklama.

Dáslep reklamalar Áyyemgi Greciya hám Áyyemgi Rimde reklama xabarlandırıwların aǵash taqtayshalarǵa jazıp, xalıq kóp jıynalatuǵın jerlerde baqırıp xabarlandırılatuǵın bolǵan. Baspa túrindegi reklamalar Angliya hám Franciyada XVII ásirde payda boldı.

A) Reklamanıń qaysı tarawda áhmiyeti kúshli dep oylaysız?
B) Siz qaysı reklama túrinen qanday maqsette paydalanıp kórdińiz?
C) Reklamaǵa unamlı kózqarastasız ba yaki unamsız ba? Ne ushın?

A)____________________________________________________

B)____________________________________________________

C)____________________________________________________

3. **(Tekstti túsiniw P – 30 ball)** Tekstti oqıń hám tapsırmalardı orınlań.

Biziń awılımız qaladan uzaqta jaylasqan. Qalaǵa barıp-keliw de bizler ushın mashqala. Ata-anama birneshe márte qalaǵa kóship keteyik dedim. Biraq olar razı bolmadı. Atam menen kempir apam jasaǵan jerin, qońsı-qobaların taslap ketiwge kózi qıymaydı eken. Ata-anam bolsa atam menen apamdı awılǵa taslap kete almaymız deydi. Men mektepke barıw ushın qısta bir saat jol júremen, al jazda yarım saatta jetip baraman. Sebebi awılımız shetinen ótip turǵan arna jazda suwǵa tolı boladı, al qısta suw bolmaydı. Arnadan ótetuǵın kópir joqlıǵı sebepli, bizler arnanı jaǵalap júrip qońsı awıl tusındaǵı kópirden ótemiz.

Men bul mashqalanı qalay sheshiwimiz múmkin ekenligin atam menen oylastım hám ol biz ózlerimiz saylaǵan deputatqa múrájat etiwimiz múmkinligin ayttı. Men deputatqa xat jazıwǵa qarar ettim. Deputatqa xat jazdım, kóp-keshikpey awılımızǵa deputat keldi hám awıl turǵınları menen sáwbetlesti. Mashqalanı úyrenip shıqtı hám kóp uzamay kópir qurılısı baslandı.

Kópir pitti. Endi men doslarım menen hár kúni usı kópir ústinen ótip oqıwǵa qatnayman. Kópirdiń ústinen ótip baratırıp geyde doslarım «Ilham, seniń deputatqa xat jazǵanıń júdá jaqsı boldı» dep qoyadı maǵan. Hátte, kópirdi olar Ilham kópir dep ataydı. Men kópirden hár ótkenimde, usınday iygilikli iske ózim sebepshi bolǵanıma ishimnen maqtanıp ta qoyaman.

Meniń atam geyde ǵarrılar menen sáwbetlesip otırǵanda «Meniń aqlıǵım da keleshekte, álbette, deputat boladı, deputatqa xat jazıp júrmeydi, hárqanday máseleni ózi sheshedi»,-dep maqtanıp qoyadı. Shınında da, men de keleshekte deputat bolıp xalqımızdıń mashqalaların sheshiwdi aldıma maqset etip qoydım...

A) Tekstti oqıp sizde deputatqa degen qanday múnásibet payda boldı?
B) Deputat xalqımızdıń sociallıq turmısında qanday xızmet atqaradı?
C) Eger siz deputat bolsańız, qanday iygilikli islerdi isler edińiz?

A)____________________________________________________________
______________________________________________________________
______________________________________________________________
______________________________________________________________
B)____________________________________________________________
______________________________________________________________
______________________________________________________________
______________________________________________________________
C)____________________________________________________________
______________________________________________________________
______________________________________________________________
______________________________________________________________

**4. (Tekstti túsiniw P – 30 ball)** Tekstti oqıń hám tapsırmalardı orınlań.

Bir kúni kemede ketip baratırsaq, artımızdaǵı qayıq awdarılıp, eki adam tuńǵıyıqqa túsip shóge basladı. Kemedegi bay adam kemeshige «Shógip baratırǵanlardı qutqarsań, júz tilla beremen», – dedi. Kemeshi razı bolıp, shógip baratırǵanlardan birin kemege alıp shıqtı. Artına qaytqanǵa shekem ekinshisi shógip ketti.

– Átteń, ómiri qısqa eken, – dedi bay adam.

– Bálkim sózińiz ras shıǵar. Lekin, bul istiń basqa sebebi de bar. Aman qalǵan adam bir kúni jayaw ketip baratırǵanımda meni túyesine mindirdi. Qaytıs bolǵanı bolsa jaslıǵımda qamshılap urǵan edi. Suwǵa túskenimde usı isler yadıma túsip, dáslep maǵan jaqsılıq etkendi qutqarıwǵa asıqtım. Ekinshisine, mańlayına jazılǵanı sol eken … úlgere almadım.

A) Tekstke qanday tema qoyasız? Tema qoyıń.
B) Insan óz taǵdirin ózi jarata ala ma? Qalayınsha?
C) Siz kimgedur járdem berip kórgensiz be? Qashan, qaysı jaǵdayda?

A)__________________________________________________________________

B)__________________________________________________________________

C)__________________________________________________________________

**5. (Tekstti túsiniw P – 30 ball)** Tekstti oqıń hám tapsırmalardı orınlań.

Qaraqalpaq xalqınıń álwan-álwan nıshanları bar. Sonıń bir belgisi hár arıstıń úlesine tiygen aǵash túrleri. Bul boyınsha múytenge jiyde, qońıratqa torańǵıl, qıtayǵa qandım, qıpshaqqa qaraman, kenegeske gújim, mańǵıtqa tut, al jámi qaraqalpaqqa ortaq belgi sıpatında shınar aǵashı nıshan etip berilgen. Xalıq usı aǵashlardı házirge shekem kiyeli dep esaplap, qádirlep kiyatır. Uzaq zamanlar boyı umıtılmay kelgen bul úrdisler qaraqalpaq xalqınıń milliy qádiriyatları qatarınan orın aladı.

*( T. Iskender ulı)*

A) Ne ushın qaraqalpaqlar bul jeti aǵashtı kiyeli dep esaplaǵan?
B) Ne ushın shınar aǵashı barlıq qaraqalpaqqa ortaq nıshan etip belgilengen dep oylaysız?
C) Qaraqalpaq xalqına tiyisli qanday milliy qádiriyatlardı bilesiz?

A)__________________________________________________________________

B)__________________________________________________________________

C)__________________________________________________________________

**6. (Tekstti túsiniw P – 30 ball)** Tekstti oqıń hám tapsırmalardı orınlań.

Dúnyada sózden kúshli, onnan ótkir qural bolmasa kerek. Orınlı hám dál aytılǵan sóz qılıshtay keskir, nayzaday ótkir bolıp keledi. Tiygen jeriniń shılpárshesin shıǵaradı. Franciya imperatorı Napoleon Bonapard «Men júz nayzadan kóre 3 gazetadan qorqaman» dep tegin aytpaǵan. Ol sózdiń kúsh-qúdiretin, dúnyanı urıs-jánjelsiz alatuǵın eń jawınger qural ekenligin jaqsı túsingen.

Haqıyqatında da, tildiń ótkir, sózdiń kúsh-qúdiretli bolıwı insannıń ruwxıy dúnyasınıń hár tárepleme bay bolıwı menen ólshenedi. Insanǵa berilgen mehir-muhabbat, óz ara múnásibetler tereń ruwxıylıq járdeminde qáliplesedi. Ǵalaba xabar qurallarınıń xalqımız qálbinde ruwxıylıqtı qáliplestiriwde tutqan ornı úlken.

Jurnalistlerge dúnyadaǵı eń kúshli quraldıń nesip etiliwi, olarǵa bolǵan úlken isenimnen derek beredi. Jurnalist ushın eń baslısı jurttıń sezbegenin seziw, bilmegenin biliw. Onıń oyı ótkir, sózleri qıraǵı, qálemi ushqır bolıwı kerek. Baslamalardı, jańalıqlardı, ibratlı islerdi taba alıwı, hámme waqıt kóshtiń basında júriwi kerek. Sebebi jurnalistti bárshe xalıq húrmet etedi. Onnan jaqsı úmitler, ózleri ushın paydalı, jaqsı nárseler kútedi.

(«*Qálbim súygen kásip*» kitabınan alındı)

A) Ne ushın Napoleon Bonapard «Men júz nayzadan kóre 3 gazetadan qorqaman» dep aytqan?
B) Ne ushın jurnalisttiń oyı ótkir, sózleri qıraǵı, qálemi ushqır bolıwı kerek?
C) Kósh bası sóziniń mánisin túsindiriń.

A)____________________________________________________________

B)____________________________________________________________

C)____________________________________________________________

**7. (Tekstti túsiniw P – 30 ball)** Tekstti oqıń hám tapsırmalardı orınlań.

Salıq – puqara, firma hám kárxanalardan mámleket byudjetine óndiriletuǵın, nızamda kórsetilgen májbúriy tólem. Salıqlar mámleket byudjetiniń tiykarǵı dáramat deregi esaplanadı. Mámlekette salıqlardı engiziwden maqset – tovar hám xızmetlerdi islep shıǵarıwdı pul menen támiyinlew, xalıq dáramatların qayta bólistiriw, geypara islep shıǵarıw tarawların qollap-quwatlawdan ibarat.

Mámleket te jámiyet aldındaǵı birqansha xızmetlerdi moynına alar eken, oǵan úlken muǵdardaǵı pul zárúr boladı. Sol sebepli sol kórsetetuǵın xızmetleri ushın óz puqaraları menen firma hám kárxanalarınan salıq kórinisindegi tólem óndiredi. Demek, mámleket puqarası sıpatında hárbirimiz bizge kórsetilip atırǵan medicinalıq xızmet, bilimlendiriw, qorǵanıw xızmeti, jámiyetlik tártipti saqlaw sıyaqlı xızmetler ushın mámleketke salıq kórinisindegi haqı tóleydi ekenbiz.

A) Salıq tólewge siziń pikirińiz qanday?
B) Elimiz puqaralarınan ne ushın salıq óndiriledi?

C) Salıq óndirilgeni sebepli mámlekettiń qaysı xızmetinen biypul paydalanıp atırsızlar?

A)________________________________________________________________
________________________________________________________________
________________________________________________________________
________________________________________________________________
B)________________________________________________________________
________________________________________________________________
________________________________________________________________
________________________________________________________________
C)________________________________________________________________
________________________________________________________________
________________________________________________________________
________________________________________________________________

**8. (Tekstti túsiniw P – 30 ball)** Tekstti oqıń hám tapsırmalardı orınlań.

Ata-ana saǵan jan-táni menen ǵamxorlıq qıladı, eger sen olarǵa qáte is qılsań, sen heshqanday jaqsılıqqa sazawar emesseń. Sebebi adam ata-ananıń jaqsılıǵın bilmese, basqa birewdiń jaqsılıǵına baha bere almaydı. Óz perzentińniń seni húrmet qılıwın qáleseń, sen de óz ata-anańdı húrmet qıl. Sen ata-anańa qanday is qılsań, perzentiń de saǵan sonday is qıladı...

Miyras alıw niyetinde ata-anańnıń ólimin hasla tileme. Olardıń ırısqısı arqalı ırısqıǵa iye bolasań. Birewdiń ırısqısın alaman dep háreket qılma. Sennen hal-awhalı jaqsıraq bolǵan adamlarǵa qızǵanısh penen qarama...

Dúnya-malsızlıqtan jarlı bolsań da, aqılǵa bay bolıwǵa háreket qıl, sebebi dúnya-mal menen bay bolǵannan góre, aqılǵa bay bolǵan jaqsıraq: aqıl menen dúnya-mal tabıwǵa boladı, biraq dúnya-mal menen aqıl tawıp bolmaydı... Mına nárseni bil: aqıl ol urı alıp kete almas, otta janbas, suwda batpas bir qımbat bahalı nársedur.

Eger aqılıń bolsa óner úyren, sebebi ónersiz aqıl lipassız tán yaki bet-álpeti joq adam sıyaqlı. Bilim bul — aqıl belgisi degen eken.

*(«Qawısnama». Qayqawıs)*

A) "Atańa ne qılsań, aldıńa sol keledi" naqılın túsindirip beriń.
B) Óner hám bilimniń qanday baylanıslılıǵı bar?
C) Dúnya-malsızlıqtan jarlı bolsań da, aqılǵa bay bolıwǵa háreket qıl. Bul pikirdi qalay túsindińiz?

A)________________________________________________________________
________________________________________________________________
________________________________________________________________
________________________________________________________________
B)________________________________________________________________
________________________________________________________________
________________________________________________________________
________________________________________________________________

C)______________________________________________________________________
______________________________________________________________________
______________________________________________________________________
______________________________________________________________________

**9. (Tekstti túsiniw P – 30 ball)** Tekstti oqıń hám tapsırmalardı orınlań.

Áyyemgi zamanlardan beri mámleketler bir-biri menen óz ara sawda-satıq arqalı baylanıs ornatqan. Bunı bir ǵana elimiz aymaǵınan ótken, eramızdıń XVI ásirine shekem shıǵıs penen batıs xalıqları ortasındaǵı tariyxıy, mádeniy hám sawda qatnasıqlarınıń rawajlanıwında áyyemgi dúnyada belgili bolǵan Ullı jipek jolı mısalında da kóriw múmkin. Onnan burın Orta Aziya hám Áyyemgi shıǵıs aymaǵında sawda hám mádeniy jaqtan almaslaw ushın hár qıylı jollar bolǵan.

Ullı jipek jolı arqalı Qıtayǵa jún gezleme, gilem, bezeniw buyımları hám qımbat baha taslar alıp barılǵan. Sonday-aq, Baktriyadan túyeler, Ferǵanadan násilli atlar, Badaxshannan yaqıt, Hindstannan Orta Aziyaǵa jip-gezlemeler hám paxta shigiti júklengen kárwanlar kelgen. Qıtaydan gúrish alıp kelingen. Orta Aziyadan Qıtayǵa júzim, ǵoza, ánar, jońıshqa tuqımı hám basqa diyqanshılıq ónimleri, sonday-aq, dúldúl degen at túri de tasılǵan.

A) Ne ushın shıǵıs hám batıstı baylanıstırıw háreketi ámelge asırılǵan?
B) Ullı jipek jolınıń sol dáwirlerdegi áhmiyeti qanday bolǵan?
C) Ullı jipek jolı qaysı ónimlerdiń kirip keliwine sebepshi bolǵan?

A)______________________________________________________________________
______________________________________________________________________
______________________________________________________________________
______________________________________________________________________
B)______________________________________________________________________
______________________________________________________________________
______________________________________________________________________
______________________________________________________________________
C)______________________________________________________________________
______________________________________________________________________
______________________________________________________________________
______________________________________________________________________

**10. (Tekstti túsiniw P – 30 ball)** Tekstti oqıń hám tapsırmalardı orınlań.

Qaraqalpaq xalqı ushın maqtanıshlı, sonıń menen birge, jumbaq bolıp kiyatırǵan boyan tamırı haqqında esitkende, qulaǵı erbeń etpeytuǵın qaraqalpaq bolmasa kerek. Dúnyada az taralǵan bul ósimlik tamırınıń rawajlanǵan ellerde qımbat bahalanatuǵının ǵana bilemiz. Enciklopediyalıq sózlikte boyan (solodka, lakrica) ósimliginiń jer sharında tek 15 túri Evraziya hám Amerika subtropiklerinde, Arqa Afrika hám Avstraliyanıń sheklengen aymaqlarında ǵana ósetuǵınlıǵı haqqında maǵlıwmat bar.

Keń dúnyanıń basqa jerlerinde álpeshlegende óspeytuǵın boyan – qaraqalpaqlarǵa táǵdirdiń bergen sawǵası. Boyan tamırı sırların hárkim ózinshe uyrenip atır. Onıń áhmiyeti tuwralı doktor, ilimpaz Nawrız Eshniyazov: «Dáslep ózimde sınap kórmekshimen. Qanday tásirleri bolıwı múmkin. Olardı anıq bilmey turıp, emge buyırıwǵa bolmaydı. Biraq Hákim Ulıqpan hárbir qástege birinshi gezekte tuwılǵan jerinde ósken dári-dármaqlardı buyırǵan. Solay eken, qaraqalpaq jerinde tuwılǵan men ushın óz Watanımda ósken shóp meniń mıń da bir keselime dawa bolıwı kerek. Solay da bolsa, birneshe jıldan berli boyan tamır demlemesin iship kiyatırsam da, ele basqalarǵa emge buyırıwǵa haqılı emespen. Ele de izertlewim kerek», – degen pikirlerdi aytadı.

*(“Erkin Qaraqalpaqstan” gazetasınan)*

A) Ne ushın boyan tamırı – qaraqalpaqtıń jensheni dep atalǵan?
B) Ne ushın Hákim Ulıqpan hárbir qástege tuwılǵan jerinde ósken dári-dármaqlardı buyırǵan dep oylaysız?
C) Jáne qanday elimizdegi ózgeshe ájayıbattı bilesiz?

A)________________________________________________________________

B)________________________________________________________________

C)________________________________________________________________

## 7-soraw

**1. (Jáhán ádebiyatı B – 10 ball)** Djek London dóretiwshiligi haqqında jazıń.

**2. (Jáhán ádebiyatı B – 10 ball)** Valentin Rasputin dóretiwshiligi haqqında jazıń.

**3. (Jáhán ádebiyatı B – 10 ball)** Shota Rustaveli dóretiwshiligi haqqında jazıń.

**4. (Jáhán ádebiyatı B – 10 ball)** Ernest Seton Tompson dóretiwshiligi haqqında jazıń.

**5. (Jáhán ádebiyatı B – 10 ball)** Sergey Esenin dóretiwshiligi haqqında jazıń.

**6. (Jáhán ádebiyatı B – 10 ball)** N.V.Gogol dóretiwshiligi haqqında jazıń.

**7. (Jáhán ádebiyatı B – 10 ball)** A.S.Pushkin dóretiwshiligi haqqında jazıń.

**8. (Jáhán ádebiyatı B – 10 ball)** Aleksandr Belyaev dóretiwshiligi haqqında jazıń.

______________________________________________________________________
______________________________________________________________________
______________________________________________________________________
______________________________________________________________________
______________________________________________________________________
______________________________________________________________________

**9. (Jáhán ádebiyatı B – 10 ball)** Jyul Vern dóretiwshiligi haqqında jazıń.

______________________________________________________________________
______________________________________________________________________
______________________________________________________________________
______________________________________________________________________
______________________________________________________________________
______________________________________________________________________
______________________________________________________________________

**10. (Jáhán ádebiyatı B – 10 ball)** Rasul Gamzatov dóretiwshiligi haqqında jazıń.

______________________________________________________________________
______________________________________________________________________
______________________________________________________________________
______________________________________________________________________
______________________________________________________________________
______________________________________________________________________

# 8-soraw

**1. (Qaraqalpaq ádebiyatı Q – 25 ball)** Berilgen sorawlarǵa juwap jazıń.
A) Dástanlar tematikalıq jaqtan neshe túrge bólinedi? _________________________
B) Dástan túrlerine mısallar keltiriń.

______________________________________________________________________
______________________________________________________________________
______________________________________________________________________
______________________________________________________________________

**2. (Qaraqalpaq ádebiyatı Q – 25 ball)** Berilgen sorawlarǵa juwap jazıń.
A) Ertekler mazmunı jaǵınan neshe túrge bólinedi? _________________________
B) Ertek túrlerine mısallar keltiriń.

______________________________________________________________________
______________________________________________________________________
______________________________________________________________________
______________________________________________________________________

**3. (Qaraqalpaq ádebiyatı Q – 25 ball)** Berilgen sorawlarǵa juwap jazıń.
A) Salt-dástúr jırları mazmunı jaǵınan neshe túrge bólinedi? ___________________
B) Salt-dástúr jırlarına mısallar keltiriń.

____________________________________________________________________
____________________________________________________________________
____________________________________________________________________
____________________________________________________________________

**4. (Qaraqalpaq ádebiyatı Q – 25 ball)** Berilgen sorawlarǵa juwap jazıń.
A) Qosıq qurılısı jaǵınan neshe túrge bólinedi? ____________________________
B) Barmaq ólshemine mısal keltiriń.

____________________________________________________________________
____________________________________________________________________
____________________________________________________________________
____________________________________________________________________

**5. (Qaraqalpaq ádebiyatı Q – 25 ball)** Berilgen sorawlarǵa juwap jazıń.
A) Qosıq qurılısı jaǵınan neshe túrge bólinedi? ____________________________
B) Aruz ólshemine mısal keltiriń.

____________________________________________________________________
____________________________________________________________________
____________________________________________________________________
____________________________________________________________________

**6. (Qaraqalpaq ádebiyatı Q – 25 ball)** Berilgen sorawlarǵa juwap jazıń.
A) Troplardıń túrlerin jazıń. ____________________________________________
B) Giperbolaǵa túsinik beriń hám mısal keltiriń.

____________________________________________________________________
____________________________________________________________________
____________________________________________________________________
____________________________________________________________________

**7. (Qaraqalpaq ádebiyatı Q – 25 ball)** Berilgen sorawlarǵa juwap jazıń.
A) Troplardıń túrlerin jazıń. ____________________________________________
B) Litotaǵa túsinik beriń hám mısal keltiriń.

____________________________________________________________________
____________________________________________________________________
____________________________________________________________________
____________________________________________________________________

**8. (Qaraqalpaq ádebiyatı Q – 25 ball)** Berilgen sorawlarǵa juwap jazıń.
A) Troplardıń túrlerin jazıń. ____________________________________________
B) Metaforaǵa túsinik beriń hám mısal keltiriń.

____________________________________________________________________
____________________________________________________________________

**9. (Qaraqalpaq ádebiyatı Q – 25 ball)** Berilgen sorawlarǵa juwap jazıń.
A) Troplardıń túrlerin jazıń. ________________________________________________
B) Metonimiyaǵa túsinik beriń hám mısal keltiriń.

**10. (Qaraqalpaq ádebiyatı Q – 25 ball)** Berilgen sorawlarǵa juwap jazıń.
A) Troplardıń túrlerin jazıń. ________________________________________________
B) Sinekdoxaǵa túsinik beriń hám mısal keltiriń.

# 9-soraw

**1. (Shıǵıs ádebiyatı Q – 25 ball)**. Á.Nawayı dóretiwshiligin eske túsiriń.
A) "Hamsa" dástanı haqqında maǵlıwmat beriń. _____________________________

B) Bult ta emes, báhárdiń ol jawını,
Tas boraǵan ala burqan dawılı.
Tasqa ursa meytin sińip ketedi,
Shıqqan waqta shaqmaqtay jalt etedi.
Úzindi "Hamsa"nıń qaysı bóliminen alınǵan hám qanday jaǵday óz sáwlesin tapqan?_____________________________________________________________________

**2. (Shıǵıs ádebiyatı Q – 25 ball)**. Á.Yakubov dóretiwshiligin eske túsiriń.
A) "Ulıǵbek ǵáziynesi" shıǵarması haqqında maǵlıwmat beriń.________________

B) Baqawıl shıǵıp, Mırza Ulıǵbek ele jaylasıp otırıp ta úlgermegen edi, sarayman kirip, alıp kelingen ekinshi xattı usındı.
Úzindide aytılǵan xattıń mazmunı qanday edi hám waqıyalar rawajı qalay dawam etedi?______________________________________________________________
______________________________________________________________
______________________________________________________________
______________________________________________________________
______________________________________________________________

**3. (Shıǵıs ádebiyatı Q – 25 ball)**. Maqtımqulı dóretiwshiligin eske túsiriń.
A) "Tastı sındırar" qosıǵı haqqında maǵlıwmat beriń.________________________
______________________________________________________________
______________________________________________________________
______________________________________________________________
______________________________________________________________

B) Gáriplik degen dárt adam óltirmes,
Óltirgeni menen seni kúldirmes,
Bóri arıqlıǵın iytke bildirmes,
Álbette, dushpanǵa siyasat jaqsı.

Úzindi Maqtımqulınıń qanday mazmundaǵı qosıǵınan alınǵanlıǵın hám "Bóri arıǵın iytke bildirmes" qatarların túsindirip beriń.______________________________
______________________________________________________________
______________________________________________________________
______________________________________________________________
______________________________________________________________

**4. (Shıǵıs ádebiyatı Q – 25 ball)**. ÓXashimov dóretiwshiligin eske túsiriń.
A) "Eki esik arası" romanı haqqında maǵlıwmat beriń.______________________
______________________________________________________________
______________________________________________________________
______________________________________________________________
______________________________________________________________

B) Qudaydan tapqır, insapsız hayal! Balanıń obalı tutqay, iymansız! Kúyewińniń birewden kem jeri joq edi ǵoy! Sholaq bolsa diywaldan sekirip urlıq islemegen shıǵar! Tórt jıl qan keship keldi ǵoy! Kúyewi urısta ólgen qanshadan-qansha gúldey jawanlar júripti sabır etip. Hesh bolmasa, balańdı oylasań bolmay ma, iymansız!
Bul qatarlardı kim, ne sebep aytpaqta? Waqıya nátiyjesi qanday boladı?
______________________________________________________________
______________________________________________________________
______________________________________________________________
______________________________________________________________

**5. (Shıǵıs ádebiyatı Q – 25 ball)**. A.Aripov dóretiwshiligin eske túsiriń.
A) "Iltimas" qosıǵı haqqında maǵlıwmat beriń.____________________________
______________________________________________________________
______________________________________________________________

B) Dúnyanı qızǵanba mennen, ázizim,
Sen ishken bulaqtan ishpespen hasla.
Sen júrgen tawlarda qalmaǵay izim,
Sen keshken dáryadan keshpespen hasla.

Úzindi A.Aripovtıń qanday mazmundaǵı qosıǵınan alınǵanlıǵın hám "Sen júrgen tawlarda qalmaǵay izim" qatarların túsindirip beriń.

**6. (Shıǵıs ádebiyatı Q – 25 ball)**. A.Qahhar dóretiwshiligin eske túsiriń.

A) "Mıń bir jan" shıǵarması haqqında maǵlıwmat beriń.

B) – Haw, Hajı aǵa, sizge dári beriw esimnen shıǵıptı ǵoy, júriń! – dedi hám Hajını jetelep shıǵıp ketti. Hajı dálizge shıǵıp jıǵılarmeken dep oylaǵan edim, joq, olay bolmadı, gúrsildegen dawıs esitilmedi...

Bul qatarlardı kim, ne sebep aytpaqta? Waqıya nátiyjesi qanday boladı?

**7. (Shıǵıs ádebiyatı Q – 25 ball)**. A.Qahhar dóretiwshiligin eske túsiriń.

A) "Nawqas" shıǵarması haqqında maǵlıwmat beriń.

B) – Diywanayıy Bahawaddinge bir nárse atadıń ba? Ǵavsul-aǵzamǵa she?

Bul qatarlardı kim, ne sebep aytpaqta? Waqıya nátiyjesi qanday boladı?

**8. (Shıǵıs ádebiyatı Q – 25 ball)**. E.Vohidov dóretiwshiligin eske túsiriń.

A) "Adam hám waqıt" qosıǵı haqqında maǵlıwmat beriń.

B) Qorlaw, zulım qanjar menen teń,
Dóhmet artıq oq penen dardan.
Insan ólmes biri-biriniń,
Óliwine bermese járdem.
Úzindi E.Vohidovtıń qanday mazmundaǵı qosıǵınan alınǵanlıǵın hám "Dóhmet artıq oq penen dardan" qatarların túsindirip beriń.

**9. (Shıǵıs ádebiyatı Q – 25 ball)**. P.Qodirov dóretiwshiligin eske túsiriń.
A) "Juldızlı túnler" shıǵarması haqqında maǵlıwmat beriń.

B) – Maxmud penen kópirge qaray ketti. Biraq ne ushın ketkenligin bilmedim. Sorasam da aytpadı.
Úzindi boyınsha pikirleń. Qaharmanlardıń maqseti ne edi? Oǵan qalay erisedi?

**10. (Shıǵıs ádebiyatı Q – 25 ball)**. Omar Hayyam dóretiwshiligin eske túsiriń.
A) Rubayı janrı haqqında maǵlıwmat beriń.

B) Jap kánarı túrli shópler, aralas,
Hárbir giya – sulıw júzli qálemqas,
Mınaw shalǵın – gúljúzliler topıraǵı,
Jasıl shópke ayaǵıńdı ańlap bas.
Úzindi boyınsha pikirleń. Avtor bul qatarlar arqalı ne demekshi?

# 10-soraw

**1. (Tekstti talqılaw P – 40 ball).** Úzindi berilgen shıǵarma boyınsha kórkem talqı isleń.

«Jortqanda jolıń bolsın,
Qıdır baba degen men,
Basıńa qıyın is tússe,
Shólde kórgen babam dep,
Sen shaqırsań men tayın»

A) Shıǵarma ideyası:____________________________________________

____________________________________________________________

____________________________________________________________

B) Shıǵarmanıń unamlı hám unamsız qaharmanları:________________________

____________________________________________________________

____________________________________________________________

C) Shıǵarmanıń tárbiyalıq áhmiyeti:

____________________________________________________________

____________________________________________________________

____________________________________________________________

____________________________________________________________

____________________________________________________________

____________________________________________________________

**2. (Tekstti talqılaw P – 40 ball).** Úzindi berilgen shıǵarma boyınsha kórkem talqı isleń.

Kóter bastı! Qayda seniń
Erkeklerdi basqan susıń?
Jolbarıstıń jaw búyregin,
Julıp jegen ǵaybar kúshiń?
Qas batırdıń bas súyegin,
Zeren etip, qımız ishken!

A) Shıǵarma ideyası:____________________________________________

____________________________________________________________

____________________________________________________________

B) Shıǵarmanıń unamlı hám unamsız qaharmanları:________________________

____________________________________________________________

____________________________________________________________

C) Shıǵarmanıń tárbiyalıq áhmiyeti:

____________________________________________________________

____________________________________________________________

____________________________________________________________

____________________________________________________________

____________________________________________________________

**3. (Tekstti talqılaw P – 40 ball).** Úzindi berilgen shıǵarma boyınsha kórkem talqı isleń.

– Apa, nan dóńgelek bolatuǵın ba edi yamasa múyesh-múyesh bolatuǵın ba edi, – dep qoyadı. Buǵan apası da muńaymaydı. Qızınıń kewil kóterispe ushın aytıp

otırǵanın túsinip, tek mırs etip kúledi. Oǵan qosılıp Jumagúl de eziw tartadı. Usılayınsha geyde sharshaǵanın ızǵarlı kúlki menen almastırıp tósekke kiredi.

A) Shıǵarma ideyası:________________________________________________

B) Shıǵarmanıń unamlı hám unamsız qaharmanları:_________________________

C) Shıǵarmanıń tárbiyalıq áhmiyeti:_____________________________________

**4. (Tekstti talqılaw P – 40 ball).** Úzindi berilgen shıǵarma boyınsha kórkem talqı isleń.

Jubın ol oylap qamıǵıp,
Júregin qayǵı tiledi,
Oljasına shadlanıp,
Mırjıyıp mergen kúledi.

A) Shıǵarma ideyası:________________________________________________

B) Shıǵarmanıń qaharmanları:_________________________________________

C) Shıǵarmanıń tárbiyalıq áhmiyeti:

**5. (Tekstti talqılaw P – 40 ball).** Úzindi berilgen shıǵarma boyınsha kórkem talqı isleń.

Usı gápler de túrtki boldı ma, bilmedim, hárqanday qıyınshılıqqa qaramay anam meni rayonǵa oqıwǵa jiberiwdiń háreketine kirisip ketti. Usı waqıtqa shekem awılımızdan bir bala da rayonda oqımaǵan, men birinshisi edim. Qalaberse, ol jerde men biysharanı qanday sınaq hám mashaqatlar kútip turǵanın ele sezine almas ta edim-dá.

A) Shıǵarma ideyası:________________________________________________

______________________________________________________________

______________________________________________________________

B) Shıǵarmanıń unamlı hám unamsız qaharmanları:_____________________________

______________________________________________________________

______________________________________________________________

C) Shıǵarmanıń tárbiyalıq áhmiyeti:

______________________________________________________________

______________________________________________________________

______________________________________________________________

______________________________________________________________

______________________________________________________________

**6. (Tekstti talqılaw P – 40 ball).** Úzindi berilgen shıǵarma boyınsha kórkem talqı isleń.

Parız edi seniń hayal bolmaǵıń,
Biraq sen olardı qabıl qılmadıń.
Saǵan ashıq boldı bay hám jarlı da,
Hámmesi bas iyip seniń aldıńda.

A) Shıǵarma ideyası:_______________________________________________

______________________________________________________________

______________________________________________________________

B) Shıǵarmanıń unamlı hám unamsız qaharmanları:_____________________________

______________________________________________________________

______________________________________________________________

C) Shıǵarmanıń tárbiyalıq áhmiyeti:

______________________________________________________________

______________________________________________________________

______________________________________________________________

______________________________________________________________

**7. (Tekstti talqılaw P – 40 ball).** Úzindi berilgen shıǵarma boyınsha kórkem talqı isleń.

Awa, bir waqları qúdiretli Ámiw,
Tuwısına sıymay jinli de boldı.
Hátteki jayhunlıq muqamǵa dónip,
Aǵısı, tolqını jelli de boldı.

A) Shıǵarma ideyası:_______________________________________________

______________________________________________________________

______________________________________________________________

B) Shıǵarmanıń mazmunı:___________________________________________

______________________________________________________________

______________________________________________________________

C) Shıǵarmanıń tárbiyalıq áhmiyeti:

______________________________________________________________

______________________________________________________________

**8. (Tekstti talqılaw P – 40 ball).** Úzindi berilgen shıǵarma boyınsha kórkem talqı isleń.

Qosbergen ishine termos hám sarı may shiyshe salınǵan tor qaltanı kóterip, sırtqa shıqtı. Shıqtı da sál gidirip, oylanıp qaldı. Ol kóp eglenip turmadı. Sońınan júrip baratırıp ókine berdi. Qosbergen baǵanadan beri kóliktiń jón-josaǵın oylamaǵan eken. Sovxozdan rayonǵa jetip baraman degenshe jeti-segizlik shaqırımlıq jol, jası qaytqan adamǵa piyada túwe mashinada otırǵanda da ańsat emes, biraq... Endi qalay boladı-á?!

A) Shıǵarma ideyası:

B) Shıǵarmanıń unamlı hám unamsız qaharmanları:

C) Shıǵarmanıń tárbiyalıq áhmiyeti:

**9. (Tekstti talqılaw P – 40 ball).** Úzindi berilgen shıǵarma boyınsha kórkem talqı isleń.

– Jurt hayal alsa, bir sıltaw menen aladı, birew perzenttiń joqlıǵınan, birew jaslıqtıń áserinen, sen bolsań alpıstan astıń. Qudayǵa shúkir, perzentiń bar, malıńdı sıyǵıza almaytuǵın bolǵan soń aytıp otırǵanıń ǵoy, bolmasa uyalmay qaysı betiń menen qız alaman dep otırsań?

A) Shıǵarma ideyası:

B) Shıǵarmanıń unamlı hám unamsız qaharmanları:

C) Shıǵarmanıń tárbiyalıq áhmiyeti:

________________________________________________________________________________
________________________________________________________________________________

**10. (Tekstti talqılaw P – 40 ball).** Úzindi berilgen shıǵarma boyınsha kórkem talqı isleń.

Gáp sol jaǵında, ortaq hákim, qullası, baǵ egilmedi. Baǵ egemen dep alǵan jerge Kómekbay eki jıldan beri geshir egip alıp otır.

A) Shıǵarma ideyası:_____________________________________________________
________________________________________________________________________________
________________________________________________________________________________

B) Shıǵarmanıń unamlı hám unamsız qaharmanları:___________________________
________________________________________________________________________________
________________________________________________________________________________
________________________________________________________________________________

C) Shıǵarmanıń tárbiyalıq áhmiyeti:______________________________________
________________________________________________________________________________
________________________________________________________________________________
________________________________________________________________________________
________________________________________________________________________________
________________________________________________________________________________